

**9.11 DAY****25TH ANNIVERSARY**

September 11, 2026

KREYÒL AYISYEN**RESILIENT LONG ISLAND***Prepare anvan ou bezwen li.**Pataje li paske kominote se aksyon.*

Ijans ka koupe kouran, transpò, komunikasyon ak aksè ak bagay nou bezwen chak jou. Yon ti preparasyon ka ede w reyaji pi an sekirite epi ede lòt moun.

PREPARE W

- Kenbe nimewo telefòn enpòtan yo sou papyè.
- Konnen ki kote n ap rankontre si nou separe.
- Konnen kijan w ap resevwa alèt ijans.
- Kenbe medikaman esansyèl, pyès idantite ak enfòmasyon enpòtan kote ou ka jwenn yo fasil.
- Fè plan pou bezwen timoun, granmoun aje, moun ki gen andikap ak bèt kay.

Sonje: Pandan yon ijans, suiv enstriksyon otorite ijans lokal yo ak premye sekouris yo.*Ak ki moun ou pral pataje sa?*

Yon bagay mwen pral fè semèn sa a:

Scan me!



Scan me!

**9.11 DAY****25TH ANNIVERSARY**

September 11, 2026

JWENN ÈD

Nan yon ijans

Rele **911** lè ou bezwen lapolis, ponpye oswa asistans medikal touswit.

LÈ OU RELE:

- Di sa ki rive.
- Bay kote ou ye a.
- Bay nimewo telefòn kote y ap ka rele w tounen.
- Reponn kesyon operatè a.
- Suiv enstriksyon yo epi pa rakwoche jiskaske yo di w fè sa.

NIMEWO ENPÒTAN MWEN YO

Kontak ijans 1:	Telefòn:
Kontak ijans 2:	Telefòn:
Doktè/Pwofesyonèl sante:	Telefòn:
Famasi:	Telefòn:
Konpayi elektrisite:	Konpayi gaz:
Asirans:	Nimewo polis:
Kontak deyò zòn nan:	Telefòn:

Kontak nan vwazinaj mwen:

Kenbe kat sa a yon kote ki fasil pou jwenn. Konsidere bay yon moun ou fè konfyans yon kopi.

Scan me!*Scan me!*



9.11 DAY

25TH ANNIVERSARY

September 11, 2026

KOURAN KOUPE

Rete an sekirite. Rete konekte.

ANVAN

- Chaje telefòn ak batri pòtab yo.
- Kenbe flach ak pil kote ou ka jwenn yo fasil.
- Kenbe yon kopi kontak enpòtan yo sou papye.
- Si ou depann de ekipman medikal ki bezwen elektrisite oswa medikaman ki dwe rete frèt, fè yon plan sekou ak pwofesyonèl swen sante ou.
- Konnen kijan w ap resevwa enfòmasyon ijans si fason nòmal ou kominike a pa mache.

PANDAN

- Sèvi ak flach oswa lòt limyè ki mache ak pil.
- Kenbe pòt frijidè ak frizè yo fèmen otank posib.
- Sèvi ak jeneratè, recho kan ak gri chabon sèlman deyò, omwen 20 pye lwen fenèt, pòt ak garaj.
- Pa janm sèvi ak fou oswa recho gaz pou chofe kay la.
- Suiv enstriksyon lokal yo sou dlo, chalè, refwadisman ak evakyasyon.

Tcheke lòt moun: *Lè li an sekirite, tcheke vwazen ak lòt moun ki ka bezwen asistans.**Si kouran koupe, mwen pral tcheke — Non / Adrès:*

Scan me!



Scan me!

**9.11 DAY****25TH ANNIVERSARY**

September 11, 2026

EVAKYE OSWA PRAN ABRI

Konnen sa pou w fè anvan ou ale.

Chak kalite ijans ka mande yon repons diferan. Suiv enstriksyon otorite ijans lokal yo ak premye sekouris yo.

SI OU DWE EVAKYE

Pran bagay esansyèl:

- Pyès idantite ak dokiman enpòtan
- Medikaman ak enfòmasyon medikal
- Telefòn ak chajè/batri pòtab
- Enfòmasyon kontak ijans
- Ekipman mobilite oswa medikal ki nesèsè
- Bagay pou timoun oswa bèt kay, si sa aplikab

SI OU DWE PRAN ABRI

Ale nan kote ki pi an sekirite pou kalite ijans lan. Rete enfòm atravè alèt ijans ofisyèl, radyo, televizyon oswa lòt mwayen disponib. Lè sa posib, fè yon moun nan rezo sipò ou konnen ki kote ou ye.

Wout evakyasyon mwen:

Kote nou rankontre — fanmi mwen:

Scan me!*Scan me!*

**9.11 DAY****25TH ANNIVERSARY**

September 11, 2026

ENFÒMASYON MEDIKAL MWEN

Kenbe li ak pwovizyon ijans ou yo

Non:	Dat nesans:
Kontak ijans:	Telefòn:
Doktè:	Telefòn:
Famasi:	Telefòn:

ALÈJI

MEDIKAMAN

Medikaman:	Dòz:
Lè(s) pou pran:	Ak manje? ☐ Wi ☐ Non ☐ Jan yo prescribe
Manje/bwason pou evite oswa enstriksyon espesyal:	
Medikaman:	Dòz:
Lè(s) pou pran:	Ak manje? ☐ Wi ☐ Non ☐ Jan yo prescribe
Manje/bwason pou evite oswa enstriksyon espesyal:	
Medikaman:	Dòz:
Lè(s) pou pran:	Ak manje? ☐ Wi ☐ Non ☐ Jan yo prescribe
Manje/bwason pou evite oswa enstriksyon espesyal:	
Dènye mizajou: ____ / ____ / ____	





9.11 DAY

25TH ANNIVERSARY

September 11, 2026

PWOTEJE ENFÒMASYON AK LAJAN OU

Ijans ka atire eskwòk tou.

- Pwoteje nimewo Sekirite Sosyal ou, enfòmasyon bankè, modpas ak lòt enfòmasyon pèsònèl.
- Pran prekosyon si yon moun mande w lajan oswa enfòmasyon finansye san ou pa t atann sa.
- Mande moun ki di yo reprezante ajans gouvènman yo pou yo montre idantifikasyon ofisyèl.
- Travayè federal pou katastwòf pa mande ni aksepte lajan.
- Pran prekosyon ak kontraktè ou pa t mande oswa moun k ap pase pòt an pòt apre yon katastwòf.
- Si ou pa sèten, kontakte ajans lan atravè yon nimewo telefòn oswa sit entènèt ou konnen poukont ou ki lejitim.

Dokiman enpòtan: Anvan yon ijans, òganize kopi pyès idantite, enfòmasyon asirans, enfòmasyon medikal ak lòt dokiman esansyèl yon fason ki an sekirite.

Anvan mwen fè konfyans yon demann pou lajan oswa enfòmasyon, mwen pral verifye li:

Scan me!



Scan me!